

Dwa ak Pwoteksyon Ou Genyen

Apèsi

Selon Lwa Eta New York, Konje Familyal Peye a bay travayè yo anpil pwoteksyon, ladan yo genyen:

- Pwoteksyon pòs,
- Asirans sante pèmanan, ak,
- Pwoteksyon kont diskriminasyon oswa vanjans.

Eta New York genyen pwosesis ki an plas pou anplwaye:

- yo fè diskriminasyon oswa vanjans kont yo paske yo mande oswa pran Konje Familyal Peye,
- ki pa aksepte desizyon konpayi asirans yo a pran sou avantaj yo (pa egzanp, refi, refi an pati, montan oswa dire avantaj yo, desizyon rapid), epi
- ki gen konpayi yo ki pa t fè jeretyen sou montan ki kòrèk nan salè pou Konje Familyal Peye a.

Gade anba a pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwoteksyon sa yo ak sa pou w fè si yo vyole dwa sa yo.

Pwoteksyon Pòs

Ou gen dwa pou w retounen nan menm pòs la, oswa yon pòs ki konparab, apre Konje Familyal Peye a. Yon pòs ki konparab se yon pòs kote avantaj sosyal yo, salè a ak lòt kondisyon travay yo konparab. Si konpayi w la pa re-entegre ou nan yon pòs ki konparab apre Konje Familyal Peye a, suiv pwosesis pou diskriminasyon ak vanjans nou dekri anba a.

Asirans Sante Pèmanan

Ou kapab kontinye genyen asirans sante w la pandan ou nan Konje Familyal Peye a nan menm kondisyon yo kòm si ou te kontinye ap travay. Pa egzanp, si ou peye yon pati nan frè asirans sante w la, ou dwe kontinye peye pati pa w la pandan ou nan konje a.

San Diskriminasyon ni Vanjans

Konpayi ou an pa gen dwa fè diskriminasyon ni vanjans kont ou paske ou mande oswa pran Konje Familyal Peye.

Si ou mande oswa pran Konje Familyal Peye, diskriminasyon oswa vanjans kapab vle di konpayi w la:

- pa re-entegre ou nan menm pòs ou a ni nan yon pòs ki konparab,
- revoke ou nan travay ou,
- redui nan salè ou oswa avantaj ou yo, oswa
- sanksyone ou nan nenpòt manyè.

Si ou panse konpayi w la ka te fè diskriminasyon kont ou paske ou te mande oswa pran Konje Familyal Peye, tanpri suiv etap nou dekri nan pwosesis la anba a.

Etap 1:

Demann pou Re-entegrasyon:

Toudabò, ou ta dwe mande pou konpayi w la re-entegre ou nan menm pòs ou a, oswa yon pòs ki konparab. Pou w mande li re-entegre ou:

1. Ranpli [Demann Fòmèl pou Re-entegrasyon Konsènan Konje Familyal Peye \(Fòm PFL-DC-119\)](#).
2. Depoze fòm ou ranpli a nan konpayi w la.
3. Voye yon kopi bay Paid Family Leave, PO Box 9030, Endicott, NY 13761-9030.

Konpayi w la genyen **30 jou sivil** pou li reponn demann lan.

- Si konpayi w la re-entegre w, ou pa bezwen fè okenn lòt aksyon.
- Si li PA re-entegre w, ou pa satisfè avèk repons li ba ou a, oswa li pa reponn demann ou an nan yon delè 30 jou, ou gen dwa pou w gen yon odyans avèk Konsèy Konpansasyon Travayè a epi ou ka pase nan Etap 2 a.

Etap 2:

Plent pou Diskriminasyon oswa Vanjans:

Ranpli [Fòm Plent pou Diskriminasyon oswa Vanjans poutèt Konje Familyal Peye \(PFL-DC-120\)](#) epi mete tout dokiman ki obligatwa yo avèk li.

Konsèy la ap rasanble dosye w la epi li ap pwograme yon odyans nan yon delè 45 jou sivil.

Ou menm ak konpayi w la ap oblije vini nan yon odyans devan yon Jij Konpansasyon Travayè ki pral deside si konpayi a te vyole lalwa. Si konpayi w la te vyole lalwa, jij la gendwa pase li lòd pou li re-entegre w, ranbouse ou salè, peye frè avoka yo ak/oswa peye jiska \$500 dola amann.

REMAK: Pou w depoze yon plent pou diskriminasyon, fòk ou te mande yo re-entegre ou anvan jan nou dekri sa nan premye etap la anwo a. Yo pa p trete yon demann odyans amwenske yo resevwa yon [Fòm Demann Fòmèl pou Re-entegrasyon Konsènan Konje Familyal Peye \(PFL-DC-119\)](#) **EPI** ou soumèt tout dokiman ki obligatwa yo ansanm avèk [Fòm Plent pou Diskriminasyon oswa Vanjans \(PFL-DC-120\)](#) ou ranpli a.

[Fòm pou Diskriminasyon](#)

Chirepit pou Avantaj oswa Refi

Se Abitraj ak Medyasyon Nasyonal (National Arbitration and Mediation, NAM) ki jere Abitraj pou Konje Familyal Peye a.

Si yo refize ba ou Konje Familyal Peye a oswa yon refize ba ou li an pati, konpayi asirans ou an (oswa konpayi a, si se li ki asire tèt li) dwe ba ou rezon ki fè li refize w la epi li dwe ba ou enfòmasyon sou fason pou w mande abitraj, oswa ou kapab ale sou sitwèb abit la ki se <https://nyspfla.namadr.com>.

Ou ka mande abitraj tou pou nenpòt lòt chirepit ki gen rapò ak reklamasyon PFL, tankou konpayi asirans lan respekte delè peman an oswa refi a. Nan pifò ka yo, konpayi asirans yo dwe peye avantaj ou yo oswa refize yo nan yon delè 18 jou apre li fin resevwa demann ou fè a, oswa premye jou konje w la, nenpòt sa ki vini apre a.

[Plent](#)

Plent pou Dediksyon nan Salè

Si ou kwè gen yon erè nan dediksyon peman aktyèl ou a, souve pwoblèm lan avèk konpayi w la. Si konpayi w la pa rezoud pwoblèm lan, ou kapab depoze yon plent anliy oswa rele Liy Èd pou Konje Familyal Peye a nan 844-337-6303.

[Depoze yon Plent](#)

Lòt Lwa Kont Diskriminasyon

Genyen lòt lwa Eta ak lòt lwa federal ki pwoteje anplwaye yo kont diskriminasyon. Si ou panse ou te sibi diskriminasyon sou baz yon motif youn nan lwa sa yo pwoteje, donk ou gendwa an mezi pou w depoze reklamasyon pou diskriminasyon bòkote State Division of Human Rights (Divizyon Dwa Moun nan Eta a), United States Equal Employment Opportunity Commission (Komisyon Egalite Chans nan Travay Etazini), oswa komisyon dwa moun lokal ou a:

- [Lwa sou Dwa Moun Eta New York \(New York State Human Rights Law, NYSHRL\)](#) entèdi konpayi yo fè diskriminasyon kont anplwaye ak moun ki aplike pou travay yo sou baz kèk motif ki gen pwoteksyon, tankou laj, ras, kwayans, koulè po, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, estati militè, sèks, andikap, maladi ki gen rapò ak gwosès, idantite seksyèl, karakteristik jenetik predispoze, sitiasyon fanmi, eta sivil, oswa estati viktim vyolans domestik. Epitou, [Lwa sou Dwa Moun Eta New York \(New York State Human Rights Law, NYSHRL\)](#) la pwoteje anplwaye ki gen andikap oswa ki ansent oswa ki fenk akouche kont diskriminasyon lè li mande pou konpayi yo fè "akomodasyon ki rezonab" pou li akomode andikap yo ansanm ak maladi ki gen rapò ak gwosès ak akouchman.
- [Tit 7 nan Lwa sou Dwa Sivil ane 1964 la](#) entèdi konpayi yo fè diskriminasyon kont anplwaye sou baz ras, koulè po, relijyon, sèks (ki gen ladan gwosès, idantite seksyèl, ak oryantasyon seksyèl), orijin nasyonal, laj (40 lane oswa plis), andikap, oswa enfòmasyon jenetik.
- [Lwa pou Ameriken ki gen Andikap](#) la mande pou konpayi ki gen 15 anplwaye oswa plis yo bay akomodasyon rezonab pou travayè ki gen andikap yo epi li rann li ilegal pou konpayi yo fè diskriminasyon kont travayè ki gen andikap yo.
- Epitou, ou ta dwe verifiye lwa lokal ou yo pou w konnen pwoteksyon kont diskriminasyon ki genyen anplis yo. Pa egzanp, [Lwa sou Dwa Moun nan Vil New York](#) la pwoteje anplwaye nan Vil New York yo kont diskriminasyon sou baz menm kategori ki gen pwoteksyon yo.

Fason pou Retire Kò Ou

Ou kapab renonse pwoteksyon Konje Familyal Peye a si:

- Ou travay regilyèman 20 èdtan oswa plis pa semèn, men ou pa pral travay avèk konpayi sa a pandan 26 semèn youn dèyè lòt; oswa
- Ou travay regilyèman mwens pase 20 èdtan pa semèn epi ou pa pral travay 175 jou pandan yon peryòd 52 semèn.

Si ou reponn ak kritè sa yo epi ou vle retire kò w, ou kapab fè sa lè ou ranpli yon fòm renonsyasyon Konje Familyal Peye.

Konpayi yo dwe bay anplwaye ki kalifye pou renonsyasyon yo yon fòm renonsyasyon.

Konpayi yo ta dwe kenbe fòm renonsyasyon ki ranpli yo nan dosye.

Si ou vle, ou ka anile renonsyasyon w lan nenpòt ki lè. Si orè ou chanje yon fason ki fè ou pa kalifye pou yon renonsyasyon ankò, **yo ap tou anile** renonsyasyon w lan. Si yo anile renonsyasyon w lan, konpayi yo ka

kòmmanse pran dediksyon sou salè epi yo ka kolekte dediksyon yo anvan apati dat ou te siyen renonsyasyon an.

[Renonsyasyon Konje Familyal Peye](#)

Kontakte Nou

Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele liy èd gratis Konje Familyal Peye a lendi rive vandredi, 8:30 AM rive 4:30 PM Lè Nòmal Lès.

Kontakte nou nan telefòn:

[\(844\) 337-6303](tel:(844)337-6303)